

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Dina kahirupan sapopoé manusa mikabutuh pakakas komunikasi nyaéta basa. Sajaba ti jadi pakakas komunikasi, basa téh jadi cicirén bangsa. Hartina unggal sélér bangsa boga basa anu béda, nepi ka urang bisa ngabédakeun hiji sélér bangsa jeung bangsa séjénna ngaliwatan basa anu dipaké. Geus pada apal yén di Indonésia aya mangpirang-pirang sélér bangsa jeung basa. Indonésia kaasup nagara nu panglobana boga sélér bangsa jeung basa daérah. Nurutkeun Anderson (dina Sudaryat, 2004, kc. 11), basa disebut rinéka, sabab basa nu dipaké ku manusa téh rinéka warna atawa ragem.

Basa Sunda mangrupa salasihiji basa anu aya di Jawa Barat. Disebut basa Sunda téh ku lantaran ieu basa dipaké gunem catur ku sélér Sunda, sanajan kiwari panyaturna beuki nyirorot ku sabab masarakat Sunda sorangan. Atuh henteu kitu kumaha, masarakat Sunda dina jaman kiwari geus loba anu maké basa Indonésia nalika gunem catur sapopoéna. Pajar cenah maké basa Sunda téh hésé.

Sanajan kitu dina enas-enasna mah basa Indonésia anu dipaké téh lain basa Indonésia anu saluyu jeung aturan anu sakuduna. Saumpama dipaksakeun maké basa Sunda, panyatur lolobana maké istilah tina basa Indonésia atawa basa séjén keur nepikeun ma'na anu dipimaksud. Dua basa éta tungtungna hirup kumbuh pagiling gisik. Lantaran lobana campur gaul, sadar atawa henteu basa Sunda loba pangaruh tina basa deungeun. sanajan, henteu sakabéh kecap anu aya dina basa Sunda mangrupa basa deungeun.

Kandaga kecap basa Sunda lolobana serepan tina basa Arab (Latifah, 2017 kc. 95), katitén tina kandaga kecap nu dipaké dina kahirupan sapopoé. Lobana kecap serepan tina basa Arab lantaran kapangaruhan ku bangsa Arab nalika dagang ka Indonésia bareng jeung datangna agama Islam nu dibawa ku para saudagar. Antukna jadi percampuran basa, anu nganggap éta kecap serepan téh mangrupa kecap asal basa Sunda padahal mah lain. Salian dina kandaga kecapna, basa Arab mangaruhan ogé dina unsur tulisan. Saméméh Islam datang carita atawa kisah-kisah dicaritakeun sacara tatalépa. Sanggeus aya tulisan Arab éta carita téh ditulis

ngagunakeun aksara Arab nu diropéa disaluyukeun jeung sistem sora. Nepika ayeuna di Indonesia, Malaysia, Brunei Darussalam aksara Arab Melayu (di Malaysia disebut aksara Jawi) digunakeun kénéh, salian ti aksara latin (Chaer, 2007, kc. 15). Salian ti basa Arab loba méré pangaruh dina widang kandaga kecap ka basa séjén di dunya Islam, sarua halna jeung basa Latin di Eropa. Dina pertengahan abad, basa Arab mangrupa alat budaya, utamana dina widang sains, matematik, jeung filsafah nu ngabalukarkeun basa Eropa loba ngagunakeun kandaga kecap tina basa Arab. Kaasup basa Indonésia jeung basa Sunda loba kecap serapan tina basa Arab (Suherman, 2012. Kc 7).

Urang Sunda téh lolobana geus ngagem agama Islam. Aktivitas ilaharna maké kecap-kecap ti basa Arab. Balukarna réa masarakat Sunda anu maké basa Sundana kacampuran ku kekecapan tina basa Arab. Lian ti éta biasana urang Sunda téh réa nu diajar agama, loba nu jadi santri di pasantrén. Nu matak teu anéh muncul jargon “nyantri, nyunda, nyakola jeung nyantika”.

Umpama kecap **ali** asalna tina kecap basa Arab nyaéta *ali*. Sanajan kecap serepan tapi miboga harti nu béda, kecap *ali* di Arab nyaéta dimulyakeun atawa jenengan kalipah Kangjeng Nabi Muhammad saw, ari *ali* di Sunda bengker ramo leungeun jelema nu jadi perhiasan. Éta salasihiji contona, tangtu waé loba kénéh kecap séjénna. Tina éta kajadian atawa kasus bakal loba ogé kandaga kecap nu sarua strukturna tapi béda harti (homomim) antara kandaga kecap basa Sunda jeung basa Arab.

Salian ti masalah di luhur aya ogé kasus séjénna saperti kecap **kalbu** di Sunda hartina haté, ari di Arab harti *kalbu* nyaéta anjing, tapi saumpama dina éjahan nulisna *qolbun* hartina haté. Jadi dina basa Arab aksara /k/ jeung /q/ miboga harti nu béda matakna dina ngucapkeun basa Arab mah kudu bener sabab bisi salah hartina. Kitu ogé dina basa Sunda kudu bener jeung luyu ngalarapkeun kecap serepan tina basa Arab sabab miboga harti nu béda. Sarta di Sunda kecap kalbu ngan miboga saharti tapi dina basa Arab miboga dua harti.

Kecap serepan tina basa Arab kana basa Sunda téh, salian ti homonim homograf (sawangun-saaksara) aya ogé nu homonim homofon (sawangun-sasora) (Sudaryat, 2010, kc. 78). Nepi ka kiwari panalungtikan ngeunaan kecap serepan basa Arab kana basa Sunda téh langka kénéh, padahal ulikan ngeunaan kecap

serepan basa Arab kana basa Sunda téh kawilang perlu, sakurang-kurangna: (1) pikeun mikanyaho réana kecap basa Arab dina basa Sunda, (2) invéntarisasi kecap basa Sunda tina basa Arab, jeung (3) ngabandingkeun kecap homonim basa Sunda jeung Basa Arab.

Ieu panalungtikan nyoko kana pamarekan analisis kontrastif léksikal, anu ngabandingkeun B1 jeung B2 boh bédana, sasaruanna boh wangun jeung ma'nana.

Panalungtikan saméméhna patali jeung kandaga kecap basa Sunda kungsi dilaksanakeun nyaéta *Kecap Serepan Basa Sunda (Ulikan Étimologi, Morfologi, jeung Grafologi)* ku Eva Nur Latifah (2017). Sasaruan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua ngulik kecap serepan basa Arab. Bédana panalungtikan saméméhna ngeunaan unsur serepanana wungkul. Ari ieu panalungtikan nyoko kana homonimna (struktur kecapna sarua tapi béda harti).

Panalungtikan séjénna nyaéta *Perbandingan Makna Kosakata Homonim Antara Bahasa Indonesia Dan Isolek Medan (Kajian Semantik Léksikal)* ku Widya Nurul Rahma (2016). Ieu panalungtikan medar homonim tina komponén ma'na, medan ma'na jeung parobahan ma'nana kalayan dasar tiori Pateda (2010). Ku kituna, panalungtikan anu judulna "Babandingan Homonim Basa Sunda jeung Kecap Serepan Basa Arab (Ulikan Kontrastif Léksikal)" téh perlu kénéh ditalungtik.

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Ngeunaan kecap serepan téh bisa disawang tina rupa-rupa jihat, umpamana waé, kecap serepan sagemblengna, kecap serepan nyaluyukeun jeung éjahan katut ngucapkeunana, kecap serepan salaku terjemahan tina basa asing, kecap serepan katut terjemahan sagemblengna, jeung kecap serepan nu geus ilahar dipaké sarta teu kudu dirobah deui. Ieu panalungtikan perlu diwatesanan sangkan masalah anu dipedar jelas sarta leuwih museur kana pasualan, anu ngawengku kecap serepan nu kaasup kana integrasi nu aya di kamus jeung homonim ti basa Arab ka basa Sunda anu ngawengku *homograf* jeung *homofon*, ari ambahan ulikanana nyaéta:

- 1) Homonim anu sawangun-sasora (*homograf-homofon*);
- 2) Homonim anu sawangun teu sasora (*homograf* teu *homofon*); jeung
- 3) Homonim anu sasora teu sawangun (*homofon* teu *homograf*),

Éta ambahan homonim téh dianalisis ngagunakeun tiori komparasi analisis kontrasitif ti Tarigan anu medar béda jeung sasaran B1 jeung B2.

Dumasar kana kasang tukang, jeung watesan masalah, anu geus disebutkeun saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan baris dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap.

- a. Kecap serepan basa Sunda naon waé nu asalna tina basa Arab?
- b. Kumaha homonim basa Sunda jeung basa Arab?
- c. Kumaha babandingan wangun jeung harti basa Sunda jeung basa Arab?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Unggal tulisan miboga udagan anu tangtu sangkan éta tulisan puguh keur naon dijieunna. Aya dua tujuan ieu panalungtikan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun kecap serepan basa Sunda anu asalna tina basa Arab.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan téh pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun:

- 1) kecap serepan basa Sunda nu asalna tina basa Arab;
- 2) homonim kecap basa Sunda jeung basa Arab; jeung
- 3) babandingan homonim basa Sunda jeung basa Arab boh tina segi wangun boh ma'nana.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan ngeunaan élmu léksikologi, léksikografi

jeung semantik. Dina widang élmu leksikologi jeung léksikografi téh dipiharep bisa ngeyeuban kandaga kecap dina kamus, anu ngawengku cara nuliskeun jeung ngucapkeunna katut kecap serepan nu bener tur saluyu jeung kaédah. Ari dina widang semantik nyoko kana semantik léksikal anu ngulik harti léksém atawa harti kecap nu mandeg mandiri teu leupas tina kontéksna.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun panalungtik, guru, siswa jeung masarakat.

- 1) **Pikeun nu nalungtik**, hasil panalungtikan bisa nambahan kaweruh anu leuwih teleb ngeunaan kecap serepan katut homonim basa Arab jeung basa Sunda;
- 2) **Pikeun guru**, hasil panalungtikan bisa nambahan jadi bahan ajar keur siswa ngeunaan kecap serepan katut homonim antara basa Sunda jeung basa Arab;
- 3) **Pikeun siswa**, hasil panalungtikan bisa dipaké sumber diajar ngeunaan kecap serepan katut homonim antara basa Sunda jeung basa Arab; jeung
- 4) **Pikeun masarakat**, hasil panalungtikan dipiharep bisa dipaké acuan sangkan teu salah nulis jeung salah ngucapkeun basa Arab dina basa Sunda lantaran bisa ngabédakeun harti.

#### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan dibagi kana lima bab nyaéta bab I bubuka, bab II ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir bab III métode panalungtikan, bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, sarta bab V kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.

Bab I Bubuka, eusina ngawengku lima subbab nyaéta (1) kasang tukang, anu medar alesan panalungtik ngaguar perkara kecap serepan jeung homonim (2) rumusan masalah, anu medar perkara naon-naon waé anu baris diguar dina panalungtikan kecap serepan jeung homonim (3) tujuan panalungtikan, anu medar tujuan umum jeung tujuan husus tina panalungtikan kecap serepan jeung homonim (4) mangpaat panalungtikan, ieu subbab téh medar kontribusi ti panalungtik ngaliwatan ieu tulisan perkara kecap serepan katut homonim jeung (5) raraga

tulisan.

Bab II Tatapakan Tiori. Dina ieu bab dibagi tilu subbab, nyaéta ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung kalungguhan tioritis panalungtikan. Dina ulikan tiori dipedar tilu hal nyaéta (1) homonim; (2) harti léksikal; (3) kandaga kecap. Dina subbab kadua eusina ngaguar panalungtikan saméméhna anu pernah aya. Pamungkas nyaéta raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina aya opat subbab nyaéta (1) desain panalungtikan, anu eusina pedaran perkara méthode jeung galur panalungtikan; (2) data jeung sumber data, anu medar sumber data jeung wanda data; (3) tehnik ngumpulkeun data, anu eusina ngajéntrékeun léngkah-léngkah jeung instrumén sarta; (4) téhnik ngolah data, anu eusina ngajéntrékeun léngkah-léngkah dina ngolah data.

Dina bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajéntrékeun data anu geus kajaring, hasil analisis, hasil déskripsi, jeung bahasan hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.